



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 21 desanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE IJANS TANPÈT VÈGLAS, AKTIVE SANT OPERASYON IJANS ETA A POU FÈ FAS AK TANPÈT VÈGLAS LA**

***Tanpèt la Sipoze Kreye Kondisyon Vwayaj difisil, Inondasyon ak Posiblite Pann Kouran nan Kèk Rejyon nan Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon ijans Tanpèt vèglas pou North Country Eta a epi te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center, EOC) pou fè fas ak yon tanpèt vèglas ki rantre nan Eta New York epi ki ka pote anpil glas akòz lapli vèglas nan seksyon lwès ak nò eta a, ansanm ak kantite lapli modere.

Lapli sa ka melanje ak nèt kap fonn nan tanperati ki wo parapèt ak sezon an, sa ki ka bay inondasyon modere. Tanpèt la sipoze kreye kondisyon vwayaj danjere nan zòn ki touche yo, epi chofè dwe pran anpil prekosyon. Reprizantan ki soti nan Ajans Eta a pral bay EOC pèsònèl ki pou kowòdone entèvansyon Eta a, san bliye New York Division of Military and Naval Affairs, State Police, Department of Environment and Conservation, Department of Transportation, Public Service Commission ak Thruway Authority.

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) nan Buffalo pibliye yon Alèt Tanpèt Vèglas pou Konte Genesee, Monroe, Niagara, Northern Erie ak Orleans, ak yon Alèt Tanpèt Vèglas pou Konte Jefferson ak Lewis. Alèt sa yo valab apati aswè a jis dimanch nan aswè. Yo prevwa akimilasyon glas posib jiska yon pous, ak pi gwo akimilasyon kap rive toutotou Rivyè Saint Lawrence ak Black. Akimilasyon glas ka lakòz pye bwa ak liy kouran nwaye anba dlo, sa kap lakòz pann kouran anpil kote.

“Ak yon tanpèt vèglas kap deplase rantre nan kèk rejyon New York, n ap pran anpil prekosyon pou pwoteje rezidan nou yo ak tou ede kenbe wout nou yo klè ak enfrastrikti nou yo ap mache “ te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen mande ajans eta pou l pran tout aksyon nesèsè pou l pare pou fè fas ak kondisyon glas yo prevwa yo, epi nou kontwole san rete tanpèt la pandan li kòmanse frape eta a. Mwen mande prese prese pou Nouyòkè ki nan kominote viktim yo itilize bon sans, evite vwayaje epi rete lwen danje jiskaske tanpèt la fin pase epi pa gen danje ankò.”

Konte Clinton, Essex, Franklin ak St. Lawrence deklare Eta Ijans, apati 4:00 p.m. New York State Police ak

Haitian Creole

DHSES ap bay EOC ki nan Konte Clinton, St Lawrence and Franklin pèsònèl yo bezwen an.

Jerome M. Hauer, Komisyone, New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, te di konsa, “Nou ankontak ak konte ki sou wout tanpèt la epi anpil pral ouvri sant Operasyon Ijans lokal yo (Konte St. Lawrence, Franklin & Clinton), ki pral gen tou pèsònèl kap soti nan biwo Jesyon Ijans rejyonal Divizyon nou an. Konte yo ankontak ak konpayi sèvis piblik lokal ak DOT konte ak eta yo. Anplis, depo rezèv eta a pral pare pou yo depwaye jeneratris ak lòt materyèl jan sa nesèsè.”

Depatman Transpò Eta New York genyen 1.468 chas-nèj ak 3.607 operatè ak sipèvizè ki la nan tout eta a pou netwaye ak trete wout yo ak sèl. Ekip NYSDOT yo pral mete deyò anvan tanpèt la nan rejyon viktim yo pou trete alavans wout yo ak sèl, sa ki pral anpeche glas ak nèj fòme vit. Men jan pèsònèl ak materyèl DOT yo repati nan chak rejyon:

- Capital Region: 178 chas-nèj, 496 operatè & sipèvizè
- Mohawk Valley: 99 chas-nèj, 281 operatè & sipèvizè
- Central NY-Syracuse: 98 chas-nèj, 282 operatè & sipèvizè
- Finger Lakes-Rochester: 108 chas-nèj, 291 operatè & sipèvizè
- Western NY: 187 chas-nèj, 490 operatè & sipèvizè
- Southern Tier-Hornell: 80 chas-nèj, 153 operatè & sipèvizè
- North Country: 121 chas-nèj, 339 operatè & sipèvizè
- Hudson Valley: 227 chas-nèj, 511 operatè ak sipèvizè
- Binghamton-Catskills: 153 chas-nèj, 430 operatè & sipèvizè
- Long Island: 217 chas-nèj, 334 operatè ak sipèvizè

Thruway Authority genyen 203 chas-nèj ak 559 operatè ki disponib nan tout sistèm lan pou fè entèkansyon lè gen tanpèt. Men jan pèsònèl ak materyèl Thruway Authority yo repati nan chak rejyon:

- o Divizyon NY: 47 chas-nèj, 132 operatè
- o Divizyon NY: 46 chas-nèj, 126 operatè
- o Divizyon NY: 51 chas-nèj, 121 operatè
- o Divizyon NY: 59 chas-nèj, 180 operatè

Pèsònèl DEC ap kontwòle rezo ekipman pou mezire nivo dlo ki pèmèt yo swiv enpak tanpèt la sou nivo dlo yo, epi yo ankontak ak patenè onivo lokal pou garanti tout pwojè kontwòl inondasyon pare pou opere, si sa nesèsè. DEC pare tou pou l aktive epi opere pwojè kontwòl inondasyon eta a si nivo dlo yo rive nan yon nivo kritik epi pral enfòme kowòdinatè ijans konte a si sa vin nesèsè.

New York Power Authority òganize seyans enfòmasyon anvan tanpèt konplè ak chèf Operatè Sistèm Endepandan yo ak tout konpayi sèvis piblik Eta New York pou ranfòse nesèsite ki genyen pou li rete sou gwo alèt epi pare dapre plan jesyon ijans estanda NYPA yo. National Grid ak NYSEG genyen ekip sou plas ki pare pou depwaman.

Haitian Creole

Mezi Preparasyon Rejyonal NYPA Espesifik:

Rejyon Nò New York:

Mezi preparatwa:

Tanpèt la pa sipoze gen konsekans sou fonksyonman Rejyon Nò a, men preparasyon fèt sizoka gen pwoblèm glas pandan wikenn sa.

- Yo enfòmè pèsonèl Senyò Sit la, y ap founi pèsonèl anplis sou baz sèten kondisyon.
- Pa gen okenn pwoblèm fonksyonman nan moman sa.
- Yo tyeke ti motè ki fonksyone ak gaz, tout jeneratris, si ak chenn ap mache.
- Genyen sou plas veyikil ak ekipman ki nesèsè, dechiktèz ak remòk pye bwa fasil pou jwenn.
- Ekip transmisyon yo pare epi sou plas si yo bezwen yo.

Rejyon Sant New York:

Mezi Preparatwa:

Sit la kòmanse preparasyon nòmal pou inondasyon ki ka rive, tankou:

Dènye previzyon NWS la prevwa jiska 2" lapli nan basen vèsan Schoharie a sou tèt chitnèj ki egziste deja.

Operasyon yo gen kontak ak AEM Konte Schoharie a ak Sèvis Meteyo Nasyonal la.

- Yo enstale epi kable jeneratris ijans alavans.
- Yo foul epi teste tout ekipman nesèsè yo
- Sit la gen pèsonèl nesèsè yo, li byen prepare, epi ka bezwen jere gwo nivo dlo nan fen semen sa.
- o Si li nesèsè, ekip ki sou tèren an ap pare pou depwaye.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon ivè a:

- Pa janm swiv yon chas-nèj twò pre oswa eseye double youn. Sonje otowout ki devan chas-nèj la toujou kouvri avèk nèj;
- Ajiste vitès ou pou eta wout la, epi toujou kite yon distans sekirite avèk lòt veyikil yo; Pwograme tan anplis pou vwayaj pandan sezon ivè a, epi pran pasyans pandan operasyon pou ranmase glas ak nèj;

Haitian Creole

- Konnen sifas pon yo glise, paske yo friz pi vit pase sifas wout;
- Fè atansyon ak glas nwa, ki ka difisil pou wè men ki kreye glisman lè tanperati chose yo anba zewo.
- Toujou gen yon telefòn selilè nan men ou, si li posib, men pa voye tèks pandan w ap kondi; li ilegal pou kondi avèk distraksyon, epi sa ap menm vin pi danjere pandan evènman tanpèt yo;
- Pa janm soti kite veyikil ou si li bloke nan nèj;
- Mete materyèl pou ijans nan vwati ou, tankou sab, pèl, fize siyalizasyon, kab pou demaraj, kòd, gratwa, radyo pòtatif, flach, dra ak rad ki kenbe cho anplis;
- Fè yon moun ki responsab konnen kote ou ale, wout ou gen entansyon fè, ak lè ou sipoze rive; epi
- Rete kam epi pa panike sizoka yon veyikil pran yon pann, fè yon aksidan, oswa si ou vin bloke nan nèj.

NYSDOT founi yon sistèm avètisman pou vwayajè kap montre antan reyèl rapò sou vwayaj yo ka jwenn tou nan nimewo telefòn 511oubyen sou entènèt sou [www.511ny.org](http://www.511ny.org). Sitwèb la montre yon kat ak kòd koulè ki endike ki wout eta a ki kouvri ak nèj ak glas, mouye, sèk, oubyen fèmen pou ede vwayajè detèmine si li rekòmande pou l vwayaje. Sistèm nan bay enfòmasyon an tan reyèl sou kondisyon nèj ak glas pou wout ant eta yo ak lòt wout ki gen anpil sikilasyon veyikil, jan operatè chas-nèj yo rapòte sa.

Vwayajè sou Thruway a ka jwenn dènye enfòmasyon antan reyèl sou sikilasyon ak eta wout yo nan [www.Thruway.ny.gov](http://www.Thruway.ny.gov) epi ka abone pou resevwa imèl TRANSAlert, oswa swiv @ThruwayTraffic sou Twitter. Epiou si w bezwen plis enfòmasyon epi si w vle enskri pou resevwa avètisman gratis sou kondisyon vwayaj danjere nan zòn ou, ale sou [www.nyalert.gov](http://www.nyalert.gov).

Vwayajè Thruway yo ka tou jwenn enfòmasyon itil sou stasyon radyo Highway Advisory Radio (HAR) ki pase ransèyman sou sikilasyon, eta wout, ak konsèy sekirite 24 sou 24. Ou ka jwenn frekans HAR yo sou <http://www.thruway.ny.gov/travelers/har/index.html>.

Sèvis Meteyo Nasyonal la pibliye alèt tanpèt vèglas lè yon gwo akimilasyon glas pral lakòz kondisyon vwayaj danjere pou pa di enposib. Sitwayen dwe konsidere ranvwaye tout vwayaj nan zòn ki konsènen ak Alèt Tanpèt Vèglas la. Si w blije kondwi, itilize anpil prekosyon, epi pote yon kit ijans ivè sizoka ou bloke. Wout ka vin bloke ak pye bwa ak fil kouran ki nwaye nan dlo. Si kouran w koupe epi ou vle limen yon jeneratris, asire w jeneratris la deyò epi byen vantile. Radyatè elektrik dwe byen vantile tou epi sèl kondisyon pou yo itilize yo se si yap mache korèkteman. Asire w nèj pa bloke lè kap soti ak lè fre kap rantre pou aparèy chofaj ak chofo ki gen wo rannman.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418